

Nama/No :

WACANEN PARAGRAF ING NGISOR IKI KANG PATHITHIS !



Shinta Ayu Kartika bocah wadon kang ayu rupane. *Pawakane Lencir. Kulitane kuning.* Ing sekolah karan Shinta ngono wae. *Sesolahe Gandhes Luwes lan Esemé merak ati.* Yen ana ing kelas *antenge kaya dewi Sembadra.* Shinta ora ana cacade siji-sijia.

Sore kuwi Shinta mlaku-mlaku menyang kutha karo bapak lan ibune. *Bayem erine, ketan pulukane. Sinta rumangsa ayem atine, ketekan panyuwune.* Pak Harjo bapaké Shinta arep mundhutake sepedah jengki anyar. Sintha mentas wae dadi juara lomba nembang. Sanajan lomba nembang kuwi mung dianakake ing sekolah, nanging wong tuwane Shinta mongkog atine. Ing jaman sarwo modern iki putrane bisa dadi juara nembang.

Polahe wong ing kutha kaya gabah diinteri. Lakune wong ngalor ngidul, ngetan bali ngulon, padha golek rejeki dewe-dewe. Ing antarane wong kemrubutnguber rejekine, ana sawijining bocah cilik kang uga golek urip. Shinta rumangsa welas nyawang bocah kang pancen memelas, *irunge gruwung, lakune kecingungan, tangane sing cekot* nggantung nadahi rejeki saka kawelasane wong liwat.

"Godhong klaras godhong kemangi, bocah memelas luru rejeki. Bathine Shinta karo ngelungake dhuwit sanguine marang bocah cilik kuwi.

"Matur Nuwun, Mbak" kandane Si bocah nampani duwite Shinta. Shinta manthuk karo nguncalake *Esemé kang kaya Madu.*

COBA GOLEKANA TEMBUNG KACETAK MIRING LAN COBA GOLONGNO MANUT JENISE (PANYANDRA/ PANYENDHU/ PEPINDHAN/ PARIKAN)

Pawakane

Kulitane

Sesolahe

Esemé

..... Sembadra

Bayem erine, ketan pulukane.

Polahe.....

Irunge

Lakune

Tangane

Godhong klaras godhong kemangi,

Esemé

Jangkepna ukara-ukara ing ngisor iki kanthi basa rinengga kang wis cumepak!

1. Senajan irunge . . . kancaku sing aran Santi kuwi isih katon manis.

2. Mira tangane . . . mula yen njoged bisa luwes

3. Polahe kaya . . . dikongkon lungguh sedela wae ora bisa.

4. Godhong kecipir mrambat kawat, . . .

5. Lambene . . . sanajan ora gincuan wes katon abang.

6. Senajan tangane . . . nanging Wagiman bisa nulis kanthi lancar.

7. Bocah-bocah nganggo sragam putih, disawang kaya . . .

8. Untune . . . dasar rypane putih, yen mesem katon manis.

9. Parmin sikile . . . nanging yen balapan mlayu isih bisa ngalahake Badrun.

10. Ireng-ireng gorengan kopi,

a. Atine seneng juwara siji

b. Kedhe

c. Najan ga mampir nanging liwat

d. Gabah diinteri

e. Pesek

f. Manggis karengat

g. Nggandewa pinenthang

h. Miji timun

i. Dhingklang

j. Mliwis baris